

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan tindakan kelas (PTK), dina métode panalungtikan ieu sacara langsung aya interaksi jeung para siswa. Istilah dina basa Inggris *Classroom Action Research* (CAR). Tina ngaranna geus némbongkeun eusina yén PTK téh mangrupa hiji kagiatan panalungtikan anu dilakukeun di kelas. Aya tilu kecap anu ngawangun harti PTK, nya éta :


- 1) Panalungtikan, hiji kagiatan anu na'laah hiji objék ku cara ngagunakeun cara jeung aturan métodologi anu tangtu pikeun ngameunangkeun data atawa informasi anu miboga mangpaat dina ngaronjatkeun kualitas hiji hal anu ngirut minat pikeun panalungtik.
- 2) Tindakan, kagiatan anu ngahaja dilakukeun sarta miboga tujuan anu tangtu. Dina panalungtikan ngawangun runtuyan siklus kagiatan pikeun siswa.
- 3) Kelas, dina hal ieu teu ngawengku kana ruang kelas, tapi dina harti anu leuwih spésifik. Dina hal ieu, anu dimaksud kelas téh nya éta sakelompok siswa dina waktu anu sarua, narima pangajaran anu sarua ti guru nu sarua ogé.

Numutkeun Kusnandar (2008:42), PTK mangrupa bagian tina panalungtikan tindakan (*action research*). Ku kituna, PTK téh mangrupa salasahiji bagian tina panalungtikan tindakan sarta miboga tujuan anu aya patalina

jeung kelas. Salian ti éta, PTK ogé mangrupa panalungtikan tindakan anu dilakukeun di kelas anu miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kualitas prakték pangajaran

Jadi, bisa dicindekeun yén anu dimaksud PTK téh nya éta tindakan anu dilakukeun pikeun ngungkulan masalah-masalah anu aya di jero kelas jeung PTK leuwih museurkeun paniténa ka siswa. PTK dianggap bisa ngungkulan masalah-masalah anu aya di jero kelas ngaliwatan cara ngararancang, ngalaksanakeun, pengamatan tuluy réfléksi ngaliwatan sababaraha siklus pikeun parobahan dina prosés diajar siswa di kelas.

Alesan panalungtik milih PTK salaku métode pangajaran nya éta, pikeun ngungkulan pasualan anu disanghareupan ku guru di kelas IX D SMP Negeri 17 Bandung taun ajaran 2011-2012 dina pangajaran ngaregepkeun carita pondok. Désain PTK anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditingali dina gambar ieu di handap.



Gambar 1.1
Modél Panalungtikan Tindakan Kelas
 (Arikunto, et. al, 2006:16)

Siklus panalungtikan ieu dimimitian tina nyusun rarancang tindakan (*planning*), tuluy kana pelaksanaan tindakan (*acting*), pengamatan (*observing*), jeung anu pamungkas réfléksi (*reflecting*). Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta:

1) Tahap 1 : Nyusun Rarancang Tindakan (*Planning*)

Dina tahap ieu dipedar ngeunaan naon, kunaon, iraha, di mana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Dina tahap nyusun rarancang ieu, panalungtik nangtukeun titik atawa fokus kajadian anu kudu ngameunangkeun perhatian husus pikeun ditalungtik, satuluyna nyieun instrumén panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarékam fakta anu kajadian salila tindakan lumangsung.

2) Tahap 2 : Pelaksanaan Tindakan (*Acting*)

Tahap kadua dina tindakan nya éta pelaksanaan anu mangrupa impleméntasi atawa penerapan eusi rarancang, nya éta ngagunakeun tindakan di kelas. Hal anu kudu diperhatikeun dina tahap kadua nya éta pelaksana guru kudu inget jeung kudu nyaluyukeun kana naon nu geus dirumuskeun dina rarancang.

3) Tahap 3 : Pengamatan (*Observing*)

Tahap katilu nya éta kagiatan panalungtikan anu dilakukeun ku panitén (*observer*). Saeutik gedéna, panalungtikan ieu leuwih hadé lamun dipisahkeun jeung panalungtikan tindakan lantaran panalungtikan ieu dilaksanakeun nalika tindakan keur lumangsung. Pikeun ngumpulkeun data ngeunaan prosés pangajaran lumangsung, panitén kudu nyoko kana instrumén anu geus dijieun. Aspék anu dijadikeun acuan dina ieu pangamatan nya éta: 1) prosés tindakan, 2) pangaruh tindakan, jeung 3) pasualan anu muncul salila kagiatan PTK lumangsung.

Dina tahap ieu panalungtik dibantuan ku *observer* pikeun ngumpulkeun data tina kagiatan panalungtikan anu dilaksanakeun. Hal ieu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kumaha prosés tindakan anu dilaksanakeun di jero kelas, naon pangaruh tindakan anu geus dilaksanakeun ku panalungtik jeung pasualan naon anu muncul nalika kagiatan PTK lumangsung di jero kelas.

Dina tahap ieu ogé *observer* niténan langsung prosés kagiatan diajar anu keur lumangsung, misalna waé interaksi jeung aktivitas siswa di jero kelas jeung interaksi jeung aktivitas guru di jero kelas salila kagiatan diajar lumangsung. Ku sabab kitu, salila kagiatan niténan ieu, *observer* kudu ngeusian instrumén anu geus disusun, diantaranya ngeusian lambaran obsérvasi guru, lambaran obsérvasi siswa jeung lambaran catetan lapangan.

4) Tahap 4 : Réfléksi (*Reflecting*)

Tahap kaopat mangrupa kagiatan pikeun ngébréhkeun deui naon anu geus dilakukeun. Istilah réfléksi tina basa Inggris *reflection*, anu ditarjamahkeun kana basa Indonésia *pemantulan*. Kagiatan refléksi ieu dilakukeun nalika guru pelaksana geus réngsé ngalakukeun tindakan. Inti dina panalungtikan tindakan nya éta nalika guru salaku palaku tindakan nétélakeun ka panalungtik ngeunaan hal-hal anu geus dirasa lumangsung kalawan hadé jeung bagian mana anu tacan hadé

Kagiatan réfléksi mangrupa kagiatan pamungkas anu lumangsung nalika siklus geus bérés dilaksanakeun. Tahap réfléksi sarua ogé jeung évaluasi, nu mana panalungtik mikanyaho hasil salila diajar di kelas, boh tina hasil obsérvasi guru,

obsérvasi siswa, boh catetan lapangan. Tina hasil réfléksi bakal katingali mana kakurangan jeung kaleuwihan dina ieu panalungtikan. Ku sabab kitu, tujuan tina réfléksi ieu sorangan nya éta pikeun ngabebenah tindakan anu geus dilaksanakeun. Lamun misalna siklus kahiji dina pangajaran ngaregepkeun carpon siswa masih aya anu tacan ngahontal KKM, diayakeun siklus anu kadua anu tahapanana sarua jeung siklus kahiji. Hal ieu dilaksanakeun sangkan siswa bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun.

Tahap anu dilaksanakeun di luhur mangrupa unsur-unsur pikeun ngawangun hiji siklus, nya éta hiji puteran kagiatan sacara ngaruntuy, anu balik deui ka léngkah mimiti, lamun misalna tujuan pangajaran tacan bisa kahontal balik deui ka puteran awal. Siklus bakal terus diputer nepikeun ka sababaraha siklus sangkan siswa bisa ngahontal tujuan pangajaran.

3.2 Sétting Panalungtikan

Sétting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, sumber data, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 17 Jln. Pacuan Kuda Arcamanik, Bandung. Payuneun lapas husus pikeun wanoja.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa SMP Negeri 17 Bandung kelas IX D anu jumlahna 41 urang, anu jumlah siswa lalakina 16 urang sedengkeun awéwéna 25 urang.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun salila PPL anu dilaksanakeun salila 4 bulan, ti bulan Séptember nepikeun ka bulan Désémber 2011, anu diwincik saperti ieu dihandap.

Tabél 3.1
Waktu Panalungtikan

No	Kegiatan	Waktu
1.	Prapanalungtikan	25 Oktober 2011
2.	Siklus I	15 Nopémber 2011
3.	Siklus II	22 Nopémber 2011

3.3 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

a. Modél Démonstrasi

Modél démonstrasi nya éta salasihiji modél pangajaran anu leuwih ngalibetkeun siswa sacara langsung, sangkan siswa bisa milu ilubiung dina prosés

pangajaran jeung siswa bisa leuwih aktif dina kagiatan pangajaran anu digunakeun salaku tarékah pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carita pondok.

b. Kamampuh Ngaregepkeun Carita Pondok

Kamampuh ngaregepkeun carita pondok dina ieu panalungtikan maksudna matéri ajar anu ngagunakeun modél démonstrasi. Ngaregepkeun carpon nya éta hiji prosés dimana siswa nalika ngaregepkeun bisa nyangkem kana eusi caritana anu diébréhkeun ngaliwatan tulisan.

Jadi, anu dimaksud modél démonstrasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun carita pondok siswa kelas IX D SMP Negeri 17 Bandung taun ajaran 2011-2012 dina ieu panalungtikan nya éta ngaronjat henteuna kamampuh ngaregepkeun carita pondok anu ngagunakeun modél démonstrasi siswa kelas IX D SMP Negeri 17 Bandung taun ajaran 2011-2012, anu diukur ngaliwatan tés tulis anu nyaritakeun deui eusi carpon anu diregepkeun.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tés ka siswa, lembar obsérvasi, jeung catetan lapangan

3.4.1 Lembar Tés ka Siswa

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés awal jeung tés ahir. Hasil dina pangajaranna ditingali tina tés ahir. Tés ahir digunakeun pikeun ningali kaparigelan siswa sanggeus siswa narima bahan pangajaran ti guru. Numutkeun Borg & Gall (1979:237), pengumpulan data dina panalungtikan anu

ngagunakeun instrumén tés, kabersihanana bakal dipangaruhan ku sababaraha faktor diantarana téster, alatna, situasi, jsb. Wangun tés anu digunakeun dina tés ahir nya éta wangun tés nu mangrupa éssay.

Tés anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tulis. Siswa dituntut pikeun nuliskeun deui atawa nyaritakeun deui eusi carpon anu geus diregepkeun tapi ngagunakeun basana sorangan. Tés tulis dilaksanakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun carpon, boh dina prapanalungtikan, siklus I, jeung siklus II.

3.4.2 Lembar Obsérvasi

Obsérvasi dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nalungtik aktivitas antara guru jeung siswa dina prosés diajar-ngajar dina kagiatan siswa sacara individu. Dina obsérvasi ieu, guru dipiharep teu kabeungkeut ku hiji tiori anu digunakeun. Tapi sabalikna, guru kudu leuwih ngamekarkeun kaparigelanana nalika ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal kalawan hadé.

Obsérvasi anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta obsérvasi langsung. Format obsérvasi dieusian langsung ku *observer* anu dilaksanakeun babarengan nalika pelaksanaan tindakan lumangsung dina unggal siklus. Hal ieu dilaksanakeun pikeun niténan aktivitas guru jeung siswa salila prosés diajar lumangsung.

3.4.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan mangrupa instrumén pikeun nyatet sagala peristiwa anu kajadian dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru, anu gunana pikeun nempo kamekaran tindakan jeung kamekaran siswa dina ngalakukeun prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98). Dina catetan lapangan ieu dieusi ku observasi, réaksi jeung réfleksi panalungtik dina prosés pangajaran.

3.5 Alat Ngumpulkeun Data

Alat ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta: 1) lambaran tés, 2) lambaran obsérvasi, jeung 3) catetan lapangan.

3.5.1 Lambaran Tés

Lambaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan nya éta, paréntah anu kudu dilaksanakeun ku siswa salila ngaregepkeun carpon.

Tés Ngaregepkeun Carpon

- 1) Saenggeus hidep ngaregepkeun carpon anu judulna “jarambah”, pék ayeuna caritakeun deui eusi carpon dumasar ka nu (tadi anu) geus diregepkeun ku hidep!

Pikeun ngukur hasil tés ngaregepkeun siswa, ditangtukeun format peunteun siswa anu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh anu dipimilik, boh dina tés awal atawa dina tés ahir.

Tabél 3.2
Format Penilaian Ngaregepkeun Carpon

Wasta :

Kelas:

No	Aspék nu Diajén	Skala Penilaian					Bobot	Skor/ Ajén
		5	4	3	2	1		
1.	Paham kana eusi.							
2.	Bisa nganalisis carpon.							
3.	Bisa nyaritakeun pangalaman nalika ngadémonstrasikeun carpon.							
4.	Bisa nyaritakeun eusi carpon maké basa sorangan.							
Jumlah Bobot								
Peunteun								

(Kosasih, 2010:117)

Keterangan:

1. Bobot Idéal = 20
2. Skor Idéal = 100
3. Peunteun = $\frac{\text{Bobot}}{\text{Bobot Idéal}} \times \text{Skor idéal}$
4. Katégori peunteun dumasar KKM:

Tabél 3.3
Katégori Peunteun

Peunteun	Keterangan
≥ 75	Tuntas
≤ 75	Can Tuntas

5. Padoman Skala Peunteun:**a. Eusi (paham kana eusi carpon)**

Bobot 5 = Siswa geus paham pisan kana eusi carpon.

Bobot 4 = Siswa geus paham kana eusi carpon.

Bobot 3 = Siswa cukup paham kana eusi carpon.

Bobot 2 = Siswa henteu paham kana eusi carpon.

Bobot 1 = Siswa henteu paham pisan kana eusi carpon.

b. Eusi (nganalisis carpon)

Bobot 5 = Siswa bisa dina nganalisis carpon.

Bobot 4 = Siswa rada bisa dina nganalisis carpon.

Bobot 3 = Siswa cukup bisa dina nganalisis carpon.

Bobot 2 = Siswa henteu bisa dina nganalisis carpon.

Bobot 1 = Siswa henteu bisa pisan dina nganalisis carpon.

c. Eusi (nyaritakeun pangalaman)

Bobot 5 =Siswa bisa nyaritakeun pangalamannana nalika ngadémonstrasikeun pangalamannana, tur basana ngaguluyur.

Bobot 4 = Siswa rada bisa nyaritakeun pangalamannana nalika ngadémonstrasikeun carpon, tur basana ngaguluyur.

Bobot 3 = Siswa cukup bisa nyaritakeun pangalamannana nalika ngadémonstrasikeun carpon, tur basana rada arapap-eurepeup.

Bobot 2 = Siswa henteu bisa nyaritakeun pangalamannana nalika ngadémonstrasikeun carpon, tur basana arapap-eurepeup.

Bobot 1 = Siswa henteu bisa pisan nyaritakeun pangalamannana nalika ngadémonstrasikeun carpon, tur basana arapap-eurepeup.

d. Eusi (Bisa nyaritakeun maké basa sorangan)

Bobot 5 = Siswa bisa nyaritakeun deui eusi carpon maké basa sorangan jeung henteu matok kana téks.

Bobot 4 = Siswa rada bisa nyaritakeun deui eusi carpon maké basa sorangan jeung henteu matok kana téks.

Bobot 3 = Siswa cukup bisa nyaritakeun deui eusi carpon maké basa sorangan tapi, rada matok kana téks.

Bobot 2 = Siswa henteu bisa nyaritakeun deui eusi carpon maké basa sorangan jeung ampir sarua jeung téks.

Bobot 1 = Siswa henteu bisa pisan nyaritakeun deui eusi carpon maké basa sorangan jeung ampir sarua jeung téks.

3.5.2 Lambaran Obsérvasi

Lambaran obsérvasi nya éta salasahiji intrumén anu digunakeun pikeun data dina panalungtikan. Dina obsérvasi ieu aya dua hal anu ditalungtik nya éta lambaran obsérvasi aktivitas guru jeung lambaran obsérvasi aktivitas siswa.

3.5.2.1 Lambaran Obsérvasi Aktivitas Guru

Observer niténan langsung jeung ngévaluasi panalungtik (guru) nalika keur ngajar salila KBM lumangsung.

Tabél 3.4
Lambaran Obsérvasi Aktivitas Guru

Wasta *Observer* :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi: *9.1 Mampu menyimak untuk memahami dan menanggapi wacana lisan yang berupa téks pidato/khutbah, lirik lagu jenis tembang, dan pembacaan cerita pendek*

Kompetensi Dasar : *9.1.3 Menyimak pembacaan cerita pendek (carita pondok)*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	Kegiatan Awal a) Nuliskeun topik pangajaran; b) Ngajelaskeun ngeunaan tujuan pangajaran; c) Méré apersépsi jeung motivasi; d) Ngainstruksikeun siswa sangkan ngaregepkeun matéri nu rék dipedar.			

2.	<p>Kegiatan Inti</p> <p>a) Méré materi pangajaran ngeunaan ngaregepkeun carpon;</p> <p>b) Mapagahan siswa sangkan bisa ngaregepkeun carpon anu dibacakeun ku babaturana;</p> <p>c) Méré kasempetan ka siswa sangkan macakeun (ngadémonstrasikeun) carpon;</p> <p>d) Méré perhatian ka siswa anu keur macakeun carpon dihareup;</p> <p>e) Ngabimbing siswa sangkan ngoréksi kasalahan anu dilaksanakeun;</p> <p>f) Méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.</p>			
3.	<p>Kegiatan Akhir</p> <p>a) Ngondisikeun siswa sangkan siswa balik deui ka tempat diukna;</p> <p>b) Negeskeun deui matéri pangajaran nu geus ditepikeun;</p> <p>c) Ngalaksanakeun tés.</p>			
	Jumlah			
	Persentase			

Keterangan: Béré tanda check list (√) dina kolom *ya* lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom *tidak* lamun katitén teu dilaksanakeun.

Catetan *Observer*:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Observer

Bandung, Nopémber 2011
Panalungtik

NIP/NIM.

Silmi Millatina Hermawan
NIM. 0802706

3.5.2.2 Lambaran Obsérvasi Aktivitas Siswa

Observer niténan aktivitas siswa salila prosés pangajaran lumangsung anu aya patalina jeung motivasi anu tumuwuh salila prosés pangajaran.

**Tabél 3.5
Lambaran Obsérvasi Aktivitas Siswa**

Wasta *Observer* :.....

Poé, Ping :.....

Jam :.....

Standar Kompetensi : 9.1 Mampu menyimak untuk memahami dan menanggapi wacana lisan yang berupa téks pidato/khutbah, lirik lagu jenis tembang, dan pembacaan cerita pendek

Kompetensi Dasar : 9.1.3 Menyimak pembacaan cerita pendek (carita pondok)

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	<p>Kegiatan Awal</p> <p>a) Nurut nalika dikondisikeun; b) Ngaréspon data kahadiran siswa; c) Ngarti kana apersépsi matéri anu baris dijelaskeun; d) Leuwih ngamotivasian pikeun sumanget diajar; e) Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal salila pangajaran; f) Ngainstruksikeun siswa sangkan ngaregepkeun matéri anu rék dipedar.</p>			
2.	<p>Kegiatan Inti</p> <p>a) Ngabandungan matéri ngeunaan ngaregepkeun carpon; b) Mapagahan siswa sangkan bisa ngaregepkeun carpon anu dibacakeun ku babaturana; c) Siswa bisa nganalisis hal naon anu masih jadi kakurangan babaturana nalika macakeun carpon; d) Siswa anu macakeun carpon di hareup nyaritakeun pangalamana nalika macakeun carpon; e) Kalibet kana topik anu keur</p>			

	dibacakeun; f) Ngoréksi kasalahan siswa nalika macakeun carpon di hareup.			
3.	Kegiatan Akhir a) Merhatikeun kana <i>penegasan</i> deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun; b) Menerkeun kasalahan anu kungsi dilakukeun; c) Évaluasi atawa ngalaksanakeun tés dumasar kanu eusi carpon nu tadi geus diregepkeun; d) Mungkas kagiatan pangajaran.			
	Jumlah			
	Persentase			

Keterangan: Béré tanda check list (√) dina kolom *ya* lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom *tidak* lamun katitén teu dilaksanakeun.

Catetan Observer:

.....

.....

Observer

Bandung, Nopémber 2011
Panalungtik

NIP/NIM.

Silmi Millatina Hermawan
NIM. 0802706

Catetan Lapangan

Catetan lapangan dieusian ku *observer* salaku catetan salila prosés pangajaran anu mangrupa catetan kajadian dina pangajaran anu henteu nyampak dina lembar obsérvasi.

Tabél 3.6
Lambaran Catetan Lapangan

Wasta *Observer*:.....
Poé, Ping :.....
Jam :.....

Catetan Lapangan	Réfléksi jeung Analisis

Bandung, Nopémber 2011
Observer,

 NIP.

3.6 Analisis Data

Analisis data dilakukeun dina unggal siklus, salaku réfléksi pikeun parobahan dina siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, di antarana:

- 1) Ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalahna. Dina tahapan ieu panalungtik baris ngawilah-wilah data mana anu baris dipaké pikeun ngumpulkeun data, tuluy dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.
- 2) Napsirkeun data nu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Nganalisis data anu mangrupa hasil tés ngaregepkeun carpon dina unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) mata pelajaran basa Sunda di SMP Negeri 17 Bandung nya éta 75. Siswa dianggap tuntas lamun bisa ngahontal KKM atawa ≥ 75 , sedengkeun anu disebut tacan tuntas nya éta siswa anu tacan ngahontal KKM atawa peunteunna ≤ 75 . Sangkan leuwih jéntré bisa dititén dina tabél 3.3.
- 4) Nganalisis hasil obsérvasi aktivitas siswa jeung guru ku cara ngitung unggal perséntase tiap katégori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung perséntase ti *observer*.
- 5) Nganalisis hasil catetan lapangan salaku hasil réfléksi panalungtik dina prosés pangajaran anu henteu ditepikeun jeung dijelaskeun obsérvasi ku sabab muncul kalawan henteu direncanakeun dina kagiatan pangajaran.

- 6) Nyindekeun hasil panalungtikan dumasar kana hasil obsérvasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu dijelaskeun dina kalimah pernyataan.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan ieu ngawengku sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun salila kagiatan ti mimiti kagiatan awal nepi ka kagiatan ahir, di antarana waé:

- 1) Réfléksi awal tina pangajaran ngaregepkeun carita pondok anu geus diajarkeun. Panalungtikan anu kahiji dilaksanakeun saméméh modél pangajaran diterapkeun ka siswa. Hal ieu ditepikeun pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa saacan ngagunakeun modél pangajaran.
- 2) Ngaidéntifikasi pasualan di kelas anu ngabalukarkeun munculna pasualan anu disanghareupan ku siswa dina pangajaran ngaregepkeun carita pondok, saperti halna kapaluruh modél pangajaran anu kurang éféktif jeung inovatif. Sanggeus dilaksanakeun réfléksi satuluyna diayakeun tindakan. Jadi nalika matéri pelajaran dibikeun tuluy diayakeun tindakan bisa kaciri pasualan naon nu keur disanghareupan ku siswa di kelas.
- 3) Netepkeun modél anu digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun carita pondok. Ngaliwatan modél anu dipilih dina prosés pangajaran, dipiharep dina ngaregepkeun carpon kamampuh siswa bisa ngaronjat, ku kituna modél anu dipilih pikeun ngungkulan masalah anu aya di kelas dipilih modél démonstrasi.

- 4) Netepkeun jumlah siklus salila ngalaksanakeun PTK, nya éta dua siklus. Dina panalungtikan ieu dilaksanakeun dua siklus hal ieu dipilih pikeun mikanyaho kumaha parobahan préstasi siswa dina tiap siklus. Dipiharep di tiap siklus bisa kaciri kumaha parobahanana. Siklus I dilaksanakeun pikeun menerkeun naon-naon anu kurang dina prapanalungtikan, sedengkeun siklus II dipaké pikeun menerkeun kakurangan nu aya di siklus I.
- 5) Nganalisis Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 6) Nyusun Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), anu ngawengku: tujuan pangajaran, matéri pangajaran, métode pangajaran, léngkah-léngkah kagiatan pangajaran, sumber, penilaian, rubrik penilaian, jeung évaluasi kaasup tés. Dina RPP bisa katingali kumaha parobahan dina prosés diajar kusabab, dina RPP siklus anu kahiji bisa katingali parobahan tina RPP prapanalungtikan, jadi RPP siklus I perbaikan tina RPP prapanalungtikan. Sedengkeun siklus II perbaikan tina RPP siklus anu I. Jadi bisa katingali naon-naon waé anu kurang tina tiap RPP.
- 7) Nyieun instrumén panalungtikan pikeun masing-masing siklus, anu ngawengku: lambaran obsérvasi aktivitas guru, lambaran obsérvasi aktivitas siswa, jeung catetan lapangan. Hal ieu dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data jeung bahan réfléksi pikeun panalungtik dina perbaikan tiap siklus.
- 8) Ngajukeun proposal panalungtikan ka jurusan.
- 9) Nyusun bab I, bab II, jeung bab III.

- 10) Prak-prakan prapanalungtikan. Prapanalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho kumaha kamampuh awal siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran.
- 11) Réfléksi tindakan prapanalungtikan, anu hasilna digunakeun pikeun parobahan dina nangtukeun perbaikan tindakan dina siklus I.
- 12) Prak-prakan tindakan siklus I.
- 13) Réfléksi tindakan siklus I, anu hasilna digunakeun pikeun parobahan dina nangtukeun perbaikan tindakan dina siklus II.
- 14) Prak-prakan tindakan siklus II.
- 15) Réfléksi tindakan siklus II, anu hasilna digunakeun salaku kacindekan panalungtikan. Dina siklus II mangrupa siklus pamungkas jeung siklus perbaikan anu pamungkas pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna prosés belajar salila ngagunakeun modél pangajaran, jeung siswa bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun.
- 16) Nyusun bab IV jeung bab V.
- 17) Bimbingan bab IV jeung bab V.
- 18) Ujian sidang skripsi panalungtikan.